



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE PWOPOSIZYON POU OGMANTE SIPÒ AK RESOUS POU GRANMOUN AJE NAN NOUYÒK

Double investisman nan kominote retrèt ki egziste natirèlman

Renouvle yon investisman 35 milyon dola nan sèvis lakay ki pa medikal pou granmoun aje

Nouvo pwogram CAPABLE pou ede Nouyòkè yo viv lakay yo pandan yo ap vyeyi

Kreye yon 'gichè inik' pou mete granmoun aje yo an koneksyon ak resous esansyèl yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul pwopoze yon seri inisyativ pou sipòte granmoun aje nan Nouyòk yo, kòm yon pati nan Diskou Eta Leta 2026 li a. Investisman Gouvènè a pral ede granmoun aje nan Nouyòk, moun k ap pran swen yo, ak kominote yo, lè li mete yo an koneksyon ak resous kle pou granmoun aje yo ka kontinye viv lakay yo, nan kominote yo konnen epi yo renmen.

"Granmoun aje nan Nouyòk yo fè kontribisyon san konte nan kominote nou yo, e yo merite vyeyi avèk endepandans, diyite, ak sipò dirèk," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se pou sa diskou sou Eta Leta mwen an pwomèt investi nan modèl swen ki pwouve yo epi kreye nouvo pwogram esansyèl pou asire granmoun aje nan Nouyòk ki gen plis laj yo gen aksè ak resous yo bezwen pou yo pwospere lakay yo."

Investi nan Granmoun Aje

Pèmèt Granmoun Aje yo Vyeyi Lakay yo

Nouyòk klase kòm katriyèm eta ki gen plis granmoun aje nan peyi a, avèk 4.6 milyon moun ki gen 60 an oswa plis. Rive 2030, yo espere popilasyon sa a rive 5.3 milyon, ak anpil granmoun aje ki ap fè fas ak defi ki gen rapò ak mobilite, aktivite chak jou, ak kondisyon sante kwonik. Eta Nouyòk ofri yon varyete sèvis prevantif pou ede granmoun aje yo vyeyi an sekirite ak an sante lakay yo, sa ki retade nesosite pou sipò ak sèvis ki pi chè. Sèvis lakay ki pa medikal tankou livrezon manje lakay, swen pèsònèl, oswa sèvis transpò retade nesosite pou swen nan enstitisyon, diminye presyon ekonomik sou granmoun aje yo, amelyore rezilta sante yo, epi diminye izòlman sosyal.

Pou pèmèt plis granmoun aje nan Nouyòk vyeyi lakay yo, Gouvènè a pral ogmante investisman nan modèl swen ki pwouve yo pou sèvis prevantif lakay ak nan kominote yo. Premyèman, Gouvènè a pral ogmante investisman nan Kominote Retrèt ki Egziste Natirèlman (Naturally Occurring Retirement Communities, NORC), ki se devlopman lojman oswa katye ki gen gwo popilasyon granmoun aje, kote founisè sèvis nan kominote a ofri sèvis sipò pou rezidan yo, tankou oryantasyon nan swen sante ak jesyon ka. Gouvènè a pral tou renouvle yon investisman 35 milyon dola pou Ane Fiskal 2026 la pou diminye lis datant pou sèvis lakay ki pa medikal tankou swen pèsònèl, jesyon ka, livrezon manje lakay ak nan sant kolektif, ak sèvis transpò. Finalman, Gouvènè Hochul kontan anonse lansman pwogram "CAPABLE," oswa Vyeyi nan Kominote – Amelyore Lavi pou Granmoun Aje (Community Aging in Place – Advancing Better Living for Elders). Avèk pwogram sa a, jiska 2,600 granmoun aje pral resevwa vizit lakay pou bay sèvis enfimye, terapi okipasyonèl ak sèvis reparasyon.

Amelyore Aksè ak Swen Fen lavi pou Nouyòkè yo

Eta Nouyòk klase kòm 50yèm pami tout eta yo nan pwopòsyon moun ki anrejistre nan Medicare ki te resevwa sèvis ospis anvan yo mouri. To itilizasyon sèvis ospis la rete ba malgre Nouyòk gen yon popilasyon ki pi aje, plis doktè, plis kabann nan sant swen enfimye espesyalize, ak mwens lopital k ap travay pou pwofi si n konpare l ak lòt eta yo.

Pou ankouraje bon jan itilizasyon sèvis ospis ak swen palyatif, Gouvènè a pral bay Depatman Sante (Department of Health) lòd pou l lanse yon kanpay sansibilizasyon ak edikasyon pou enfòmè doktè, enfimye, ak anplwaye lopital yo sou opsyon ki genyen pou swen palyatif nan kominite a, sèvis ospis, ak enpòtans pou planifye swen yo davans.

Kreye yon "gichè inik" pou Benefis Granmoun Aje nan Nouyòk yo

Eta Nouyòk gen yon rezo solid deja nan sèvis ak benefis pou sipòte popilasyon li ki ap vyeyi rapidman. Malgre sa, granmoun aje nan Nouyòk yo ap fè fas ak gwo defi pou yo konprann si yo kalifye pou benefis yo, epi pou yo jwenn aksè nan swen ak sèvis yo bezwen pou yo viv byen.

Pou reponn a sa, Gouvènè a pral lanse yon konsèy akoutèm ki gen plizyè ajans ladan l pou idantifye tout benefis atravè ajans yo ke granmoun aje yo ka elijib pou yo, tankou benefis veteran, benefis lokal ak leta pou rediksyon taks, ak benefis ki gen rapò ak nitrisyon, preskripsyon, bòdwo enèji, swen medikal, ak plis ankò. Konsèy la pral devlope yon lis konplè sou sa ki disponib, epi prezante rekòmandasyon bay Gouvènè a sou divès opsyon pou yon "gichè inik" pou pèmèt Nouyòkè yo fè yon pre-tès pou tèt yo epi idantifye sa yo elijib pou aplike pou yo. Anplis, konsèy la pral eksplòre opsyon pou yon aplikasyon inivèsèl pou benefis yo.

Pwoteje Granmoun Aje Kont Abi

Abi sou granmoun aje (fizik, sosyal, finansye, seksyèl, oswa neglijan) afekte anpil moun ki gen 60 an oswa plis nan Eta Nouyòk. Yo estime ke chak ane, 300,000 granmoun aje nan Nouyòk viktim abi.

Pou elaji efò pou pwoteje granmoun aje yo kont abi, Gouvènè Hochul pral bay Biwo Eta Nouyòk pou Granmoun Aje (New York State Office for the Aging) yo lòd pou kreye modil fòmasyon konplè, vityèl, sou prevansyon ak repons pou abi sou granmoun aje, ki gratis epi ki aksesib pou piblik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)